



Komisyon Pou Opòtinité Égal Égo Nan Travay Nan Éta Zini



Évité Diskriminasyon se yon Bon Biznis

Évité diskriminasyon fè biznis gen bon sans. Konfòme'w avèk sa la lwa di kapab ogmante pwodiksyon travayè yo, fè yo rété nan travay la, ogmanté moral, épi diminiye depans nan afè legal. Ou ka menm gen dwa a benefis taks paské ou bay travay a moun ki gen andikap oswa paské ou bay aksè nan biznis ou a moun ki andikapé! Alé nan: <http://www.eeoc.gov/eeoc/publications/adahandbook.cfm#appendixa> pou plis enfòmasyon.

EEOC kapab édé pwopriyete ti biznis yo! EEOC se ajans gouvèman federal ki apliké lwa federal kont diskriminasyon nan travay ki bazé sou ras, koulè, relijyon, sèks, nasyonalité, andikap, laj, épi enfòmasyon jenetik. Lwa sa yo tou entèdi vanjans (pinisyon) paské travayè an kont diskriminasyon, li rapòte diskriminasyon, oswa li patisipé nan yon ankèt diskriminasyon oswa pwosè legal.

Ki Responsabilité ou

- **Asire'w ké desizyon pou emplwayé** moun pou travay la pa bazé sou ras, koulè, relijyon, sèks, nasyonalité, andikap, laj, oswa enfòmasyon jénetik.
 - **Asire'w ké règ travay la epi pratik yo** gen rapò ak travay la épi yo pa mété sou koté moun ki nan yon ras patikilye, koulè, relijyon, sèks, nasyonalité, andikap, oswa laj.
 - **Asire'w ké yo pa anmède anplwaye yo** a koz de ras, koulè, relijyon, sèks, nasyonalite, andikap, laj, oubyen enfòmasyon jenetik.
 - **Peye anplwayé gason ak fi kap fè menm travay menm valè lajan,** amwenké ou ka jistifyé diferans nan lajan an dapre la lwa.
 - **Réponn byen épi vit a tout plent diskriminasyon.** Sispann, rézoud, épi anpeché diskriminasyon e anbètman/anmèdé. Asire'w ké anplwayé pa resevwa pinisyon paské yo plenyen pou diskriminasyon.
 - **Bay aranjman rezonab** (fè chanjman nan jan bagay yo te konn nòmalmen fèt nan travay la, pa ekzamp chanjé orè pou yon anplwayé ka alé nan randevou doktè, oubyen pou li kapab obsèvé yon fèt rélijye) a aplikan e anplwayé ki bézwen pou rezon medical oubyen rélijyes, si yo mandé dapre la lwa.
 - **Mété yon tablo** ki ékri lwa federal sou diskriminasyon nan travay la. (Ou kapab prenté yon gratis nan: <http://www1.eeoc.gov/employers/poster.cfm>).
 - **Kenbé dosyé travay** (tankou aplikasyon oubyen dosye pèsònèl) jan la lwa mande'l.
- Ou ka gen plis responsablité anba lwa federal, léta, oubyen lokal.
- Pou plis enfòmasyon, kontakté lyézon EEOC pou ti biznis nan zòn ou an: (<http://www.eeoc.gov/employers/contacts.cfm>).

Kòman nou ka ede

- **Nou ka réponn kéksyon** ou sou lwa yo ké nou applike.
- **Nou ka bay sigjésyon** pou édé ou évité anbètman, revanj, ak lòt fòm diskriminasyon ilegal.
- **Nou kapab fòmé ou e anplwayé ou yo** apwopo de dwa ké yo genyen nan travay la ak responsabilité yo.
- **Nou ka édé'w rézoud ka diskriminasyon ki nan EEOC atravè médyasyon.** EEOC médyasyon se yon fason enfòmèl, pwosesis gratis, konfidansyèl pou rézoud konfli ki ka sové'w ou tan ak lajan.



Rélé nou!



Anplwayé EEOC nan tout péyi a disponib pou kapab édé'w. Pa tann; rélé nou jodia!

Asistans pou lang gratis e disponib si ou bézwen.

- **Ou bézwen enfòmasyon oubyen fòmasyon?** Kontakté lyézon EEOC pou ti biznis nan zòn ou an (<http://www.eeoc.gov/employers/contacts.cfm>) oubyen rélé nou nan 1-800-669-4000 (TTY: 1-800-669-6820).
- **Ou bézwen enfòmasyon sou lwa yo ké nou apliké?** Rélé nou nan (202) 663-4691.

▪ **Ou gen kéksyon sou yon EEOC plent diskriminasyon ki ranpli kont biznis ou? Kontakté EEOC anketè a ki gen plent la nan men li ya.**

Nou ta renmen tande de ou!